МКОУ «Уздалросинская СОШ»

# Классный час

# «Муг1алим»

Провела:Гераева М.М

# Гераева Мадина Магомедовна
# МКОУ «Уздалросинская СОШ»
# Тема: Учитель

**Тема: «Муг1алим»**

**Дарсил мурад:** Щив чилъун жив вугониги жиндаса пайда бугевлъун вук1инє ккола халкъалъе ва к1очене бегьуларо сундулъго кьуч1 лъурав муг1алим

## Дарсил ин

## 1.Дарсил байбихьи

**Учитель. Рорч1ами, учительзаби, тохтирзаби, коч1охъаби, спортсменал, хъвадарухъаби, художникал хасго Ват1ан ц1унизе х1адураразе салам!**

Жакъа нуж г1ажаиблъуге дица гьединан нужее салам кьунилан. Лъуг1ила нужер школа. Г1ела нуж к1удиял. Рахъина нужги, цоял учительзабилъун , цоял тохтирзабилъун, цоял хъвадарухъабилъун, цогиял художникалъун ва гьел гурел цогидалги. Нужер гьит1инаб къоялдаса нахъе буго жив-живасун анищ кват1ич1ого т1убала гьебги. Рахъина нужерги нужее бокьараллъун. Нужер анищ т1убазе ккани нуж г1езе кола к1удиял.

Гьале нилъеда т1аде щолеб буго цоги байрам, сунда лъимал, гьеб хурхараб бугеб? - Сундул х1акъалъулъ нилъеца бицине бугеб жакъа.(Пишаялъул х1акъалъулъ буго)
**-Лъимал, жакъа нилъер рагьараб дарсил тема буго «Муг1алим»**

**-Щиб жо кколеб пиша, ай профессия ? Пиша –ккола чиясул х1алт1и иш. Щивас бищула жиндиего махщел пиша. Щибабаб пишаялъул рук1уна рук1уна т1уразе ккодел т1адал х1укъукъал. Г1арабазул аби буго лъимал, Китаялде уни г1елму т1алаб гьабеян. Гьединлъидал нилъеца г1елму т1алаб гьабизе ккола кинида рущаралдаса хабалъе инег1ан.**

**Гьеб г1елму т1алаб гьабизе лъица лъимал нужее кумек гьабулеб?(Муг1алим)**

**Гьелда хурхун цо бицен бицина лъимал дица нужее.**

## 2. Бицен

*Цо нухалъ г1акъичиясухъе вач1ун вуго цо г1олохъанав вас . Гьес кьун буго цо гьадингояб суал: жинда кинабго лъалин ,жинца киналго т1ахьалги ц1аланин,жинда лъалареб жоги гьеч1ин, гьелдеги живго ругьунлъанин. Дуца бицейин дие учитель къвараг1уневищ?*
*Г1акъилчи гьесда велъанила ва абунила: «Мун жиндихъе к1иго къоялдаса вач1айилан, дица гьелъие жаваб кьелин» . Гьев нахъе анила.*
*К1иго къоялдасан вас вач1анила г1акъилчиясухъе. Гьес абунила. Мун гьаб кагъатги босун айин, гьаб дуца щвезабе росулъе. Гьеб росуги буго г1ор бахун добехун. Г1урухъе щвейгун дуда гьенив ватизе вуго расачи , гьес щвезавилин мун дове. Хадусеб къоялъ радалго вахъун гьев щванила г1урухъе, гьенив гьесда расачи ватанила. Гьев расаялда рек1анила, ва унаго гьесда рак1алде щванила, нух кин батизе кколебали, жиндагоги лъалеб бук1инч1ила гьасда, расачиясда гьикъидал гьесдаги лъалеб батич1ила.*
*Гьев т1ад вуссун г1акъилчиясухъе вилълъанила, бит1араб нух лъазе бук1ине.*
*Гьесда г1акъилчияс абунила: «Гьелейин дур доб суалалъе жаваб» дуда кинабго лъалеб бугин , дуе гьеб лъазе ресги бугин, амма доб нух лъач1ин дуе къвариг1ана гьеб бицунев чи. Кинабго жо лъазе ккани къвариг1уна учитель. Гьаб биценалъ бихьизабулеб буго киг1ан г1емер жо лъаниги учитель*

*гьеч1ого щибго гьабизе бажаруларебльи.Учитель ккола – г1адан бит1арав нухде вачунев чи, г1умрудул т1оцебесеб кьуч1 льолев чи.*

**Гьелдальун дие абизе бокьун буго муг1алим ккола бищунго аслияб пиша**

**3.Ц1ияб дарс**

**Учитель: Учителасул махщел бищарав ккола, рак1 унтун х1алт1и гьабизе кколевльунги**

Дунялалда азаргоялдассан ц1ик1к1ун профессия буго. Киналго гьел къвариг1уна дворникасдаса бахъараб ученияcде щвезег1ан. Цониги махщел гьеч1о жиндаса г1адамасе пайда гьеч1еб. Жиб -жиб махщалил буго жиндир пайдаяльe бугеб к1вар.

Учитель абураб пиша бач1араб нилъехъе цебего. Цебе заманалда гьезда абулаан воспитателилан, наставникилан. Грециялда ва Египеталда русский языкалъул учителасда абулеб бук1ун буго «грамматик», математикаялъул учителасда «калькулятор». Япониялда абуни учителасда абулеб бук1ун буго «сэнсэй». Древней Русиялда учителасда абулеб бук1ун буго педагог. Цебе учителасул къо гьабулаан октябрь моц1алъул т1оцебесеб восресениялъ.1994 соналдаса бахъун гьеб гьабизе байбихьун буго 5 октябралда.

**Слайд.** 5 октябрь– Учителасул къо.

Дунялалда вижанщинав инсанасул бук1уна муг1алимасул г1амал. Мисалалъе босани: Гьабураб къоялдаса нахъе лъимадул эбел-эмен ккола учительзаби, дах1аэбел-дадада ккола гьезул учительзаби, к1удиял вацал-яцал ккола гьезул учительзаби.

Лъимал цоги муг1алимасда кинан абулеб? (К1иабилей эбел)

(3класс М.Шамхалов «К1иабилей эбел» ц1ализе)

*-Лъимал, рач1аха нилъеца рак1алде щвезаризе абиял, кицаби зах1маталъул, х1алт1и бокьиялъул ва к1ух1аллъи – х1алихьалъиялъул х1акъалъулъ.*
*Х1алт1ич1ес х1анч1уларин магъилъ х1инч1ги ах1дола .*
*Х1алт1арасда лъала хинк1азул къимат.*
*Чияр кумекалде хьул лъоге, х1алт1ун балагье*
**- Рач1а лъимал, бицанк1аби ч1вазе.**

**3. Х1ай**

**Слайд 5**.Гьасул пиша лъеда гъоркь
Гьесул х1алт1и бец1лъуда ва гъварилъуда.
Бищунго лъадал т1инда
(Водолаз)

**Слайд 8** Устар, устар, гьабе дий кумек –
Хун руго дир хьитал.
Кьабе дуца гьазда маг1ал –
Гьоболлъухъ ине бокьун бугин. (Сапожник)

**Слайд 9** Ганч1ида гамач1ги лъун
Г1олел руго т1алаби
Щибаб къойил, лах1заталъ
Борхалъулеб буго рукъ
(Строитель.)

**Слайд 10** Нилъ унтидал бищунго къвариг1унев
Киналго унтаби жинца сах гьарулев. ( Врач.)

**Слайд 11** Хъвадаризе ц1алдезе малъизе мун г1едерав.
Т1абиг1ат бокьизе, адаб гьабизе.ниж куцалев устар
Щивдай гьав ккелев? ( Учитель.)

**Г1адамаца халкъалъул маг1ишатал къач1ала**
**Дуца г1адан къач1ала къадру т1ок1ав учитель.**
**Докторaз чорхолъ ругел унтаби сах гьарула.**
**Дуца сах гьарула нижер ккарал гъалат1ал.**

## 4.Дарс щула гьабизе

**Учитель:** К1удиял г1ейгун жив-живасул аниц буго нилъее рек1е г1ураб пиша т1аса бищизе

**Лъимал Мах1ачкалаялда буго г1урус учителалъе бараб памятник, гьебги бана 2006 соналъ. Гьеб памятникалъул борхалъи буго 10 метр. Цояб кверalъ ккун буго т1ехь , цояб квер гьелъул лъун буго глобусалда т1ад. Гьеб памятник г1урус учительницаялъе баялъе буго гъадинаб къиса. Доб революция лъуг1ун хадуб росабалъе рач1ана г1урус учительзаби. Нужеда лъалаха Дагъистаналда буго 30 бат1ияб миллат, жалго цоцада рич1ч1улареб заманаялъ гьел г1урус учительзабаз гьабураб кумекалъул. Гьей лъималазе лъугьана к1иабилей эбеллъун.**

**5. Х1ай "Лъай махщел"**

Жиб-жиб профессиялда бугеб гьез х1алт1изарулел предметал, гьезие къвариг1унел. Гьел предметал рихьигун нилъеда бич1ч1ула щиб профессиялъул чи гьевали.

–Градусник, шприц, дару…

– Гъуд, нус, гел, хьаг, къоно…
– Ц1адираби, калькулятор, г1арац…
– Кисти, краскаби, къалмал…
- Зоб, самолет, аэропорт.

-Гьоркьо, к1укьмахх, мат1у, лак для волос.
- Ферма, боц1и, ведро, рахь.
- Т1ахьал, тетрадал, ц1алдохъаби.

**Учитель: гьабсаг1ат нилъее учителасде гъабураб кеч1 бицина (Мирзабегов Мирзабегица)**

Гьединго нилъее кумекалъе рач1арал муг1алимзабазул адаб гьабун, нилъ цоцазда рич1ч1уларел заманаялъ.
Нилъер х1укуматалда г1урус мац1 гьабуна киназего г1аммаблъун.
Рач1аха нилъеца цо х1ай г1урус мац1алдаги гьабилин. Нилъее к1иабилел умумуллъун лъуг1арал муг1алимзабазул адабалъе г1олон.
Лъимал, ункъо класс лъуг1изег1ан дица кьола нужее дарсал. Нуж хадусеб классазде рахъарал мехалъ, бат1и-бат1иял учительзабаз кьола нужее дарсал.

## 5.Дарсил х1асил гьаби

**Жакъасеб дарсил х1асил гьабидал нилъеда бич1ч1ана, киналго пишаби къвариг1уна. Щив чилъун жив вугониги жиндаса пайда бугевлъун вук1ине ккола халкъалъе ва к1очене бегьуларо сундулъго кьуч1 лъурав муг1алим**